



Pou Piblikasyon Imedya: 16/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU REPRIME KRIM VYOLANS KONT OFFISYE LAPOLIS YO

Lejislasyon (S.772A/A.6318B) etabli yon sistèm Avètisman Ble pou ede nan idantifikasyon, lokal, ak arestasyon moun yo sispèk ki touye oswa blese grav yon ofisye lapolis

Gouvènè Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou reprime krim vyolan kont ofisye lapolis yo. Lejislasyon (S.772A/A.6318B) pral etabli yon sistèm Blue Alert pou ede nan idantifikasyon, lokal, ak arestasyon moun yo sispèk ki touye oswa blese grav yon ofisye lapolis. Lè nou kreye yon pi bon fason pou distribye enfòmasyon bay piblik la sou krim vyolan kont fòs lòd la, nouvo lwa sa a pral ede kenbe agresè yo epi amelyore sekirite piblik atravè eta a.

"N ap adopte yon apwòch konplè pou pwoteje moun k ap sèvi ak pwoteje nou yo, pran tout mezi nou kapab pou nou reprime krim vyolan kont fòs lòd la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York angaje totalman pou pwoteje frè ak sè nou yo nan fòs lòd la epi nouvo lwa sa a pral enpòtan anpil pou kreye kominote ki pi an sekirite ak arete moun ki komèt krim vyolan kont ofisye lapolis yo."

Lejislasyon (S.772A/A.6318B) etabli yon sistèm Avètisman Ble pou ede nan idantifikasyon, lokal, ak arestasyon moun yo sispèk ki touye oswa blese grav yon ofisye lapolis. Yo bay yon Avètisman Ble pou notifiye ajans fòs lòd yo, medya ak piblik la konsènan sispèk ki te touye, blese grav, oswa ki reprezante yon menas iminan pou lapolis. Kreye yon sistèm Avètisman Ble pral ede kenbe moun ki fè krim ki menase sekirite piblik la lè li etabli yon pi bon fason pou distribye enfòmasyon sou krim kont ofisye lapolis yo bay piblik la.

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Yo konnen travay nan fòs lòd la kòm yon pwofesyon ki danjere. Sepandan, ofisye yo te chwazi pwofesyon sa a paske yo kwè nan sèvis piblik, ede lòt moun ak mete piblik la avan tèt pa yo. Chak apèl nan sèvis pote pwòp seri defi pa yo epi ofisye yo pa janm vrèman konnen kisa yo pral fè fas ak li. Lè nou tabli yon sistèm Avètisman Ble, nou ka pi byen pwoteje fòs lòd la kont moun ki ap chèche fè mal sou ofisye ki angaje lavi yo pou pwoteje lòt moun."

Manm Asanble Steve Stern, te deklare, "Mwen te fyè dèske m patwone ak adopte lwa enpòtan anpil sa a pou sipòte gason ak fanm vanyan ki nan fòs lòd la, ki fè anpil sakrifis pou kenbe nou tout an sekirite. Sistèm Avètisman Ble a fè prèv li nan bay siksè nan tout peyi a epi aplikasyon mou t ap tann li depi lontan nan Eta New York. Lejislasyon sa a pral pwoteje kominote nou an, pwoteje ofisye nou yo, epi sove lavi yo. Mwen remèsye kòlèg mwen yo nan Lejislati a paske yo te sipòte inisyativ lejislatif sa a ak Gouvènè Hochul paske yo te siyen li an lwa."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418